

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dina ieu panalungtikan nu judulna “Ulikan Strukturalisme jeung Psikologi Sastra kana Kapribadian Palaku dina Novel *Lain Éta* Karya Moh. Ambri” boga tujuan pikeun nganalisis struktur carita novel, nganalisis aspék kapribadian palaku, jeung kritik kapribadian palaku tina sudut pandang psikologi. Anu jadi objék dina ieu panalungtikan nyaéta novel *Lain Éta* karya Moh. Ambri. Ieu panalungtikan boga tujuan pikeun maluruh ngeunaan: 1) struktur carita novel anu ngawengku (téma, fakta carita, jeung sarana sastra), 2) psikologi sastra aspék kapribadian palaku anu ngawengku tilu struktur kapribadian anu aya dina diri palaku nyaéta *id, ego, jeung superego*, 3) kritik kapribadian palaku tina sudut pandang psikologi. Téori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téori strukturalisme Robert Stanton, téori psikoanalisis Sigmund Freud, jeung téori psikologi kapribadian. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analisis kalawan ngagunakeun téhnik talaah pustaka. Instrumen anu digunakeun kabagi dua, kahiji instrumen tabél talaah dokumentasi jeung instrumen tabel struktur carita, digunakeun pikeun ngmpulkeun data, sedengkeun pikeun analisis data ngagunakeun kartu analisis.

Téma ieu novel *Lain Éta* nyaéta “Rasa cinta Néng Éha ka Mahmud tapi teu jadi kawin, nyababkeun cua ka salaki sarta abur-aburan ahirna maranéhna lantaran teu bisa ngadaliceun manéh, Néng Éha kasawat *Typus*”. Galur anu digunakeun dina ieu novel nyaéta galur mérélé anu ditandaan ku mekarna carita di unggal bagian, runtusan caritana sistematis ti awal-tengahahir. Palaku nu ngalakonan dina novel *Lain Éta* aya 13 urang palaku. Palaku utama dina novel *Lain Éta* aya opat urang, nyaéta Néng Éha salaku palaku utama anu mawa galur dina novel, Mahmud, Dén Kalipah, jeung Nyi Kalipah salaku palaku utama kadua nu ngarojong kana galur jeung paripolah Néng Éha. Anapon téhnik pelukisan palaku nu digunakeun ku pangarang pikeun méré watek ka palaku nyaéta téhnik ékspositori. Ditandaan ku pangarang nu sacara langsung ngadéskripsikeyun karakter unggal palakuna. Latar tempat anu kapaluruh dina ieu novel aya 15

tempat. Latar waktu anu kapaluruh dina ieu novel *Lain Éta* aya 13 keterangan waktu. Latar sosial anu digambankeun dina ieu novel nyaéta kahirupan sosial golongan ménak jeung golongan cacah. Judul nu digunakeun luyu jeung nu kaalaman ku palaku dina carita nyaéta *Lain Éta*, nya *Lain Éta* anu dimaksud téh sarta *Lain Éta* anu diharepkeun. Pangarang ngagunakeun puseur implengan dina novel *Lain Éta* nyaéta jalma katilu teu kawatesanan. Gaya basa anu kapaluruh nu digunakeun ku pangarang nyaéta gaya basa ngumpamakeun (*simile*), gaya basa *iperbola*, gaya basa metonimia, salian ti gaya basa nu kapanggih pangarang ogé ngagunakeun sisindiran, babasan jeung paribasa.

Dina analisis aspék kapribadian teu sakabéh palaku dipaluruh. Palaku-palaku nu dianalisis aspék kapribadianna tina tilikan psikoanalisis nyaéta palaku-palaku nu watekna katingali jelas. Anapon anu dipaluruh nyaéta palaku utama nu utama Néng Éha. Dumasar kana hasil analisis aspék kapribadian anu dominan dina diri Néng Éha nyaéta aspék *id*, salian ti *id* aspék *ego* jeung *superego* ogé dipiboga ku Néng Éha. Néng Éha dikandalikeun ku aspék *id*, néangan kasenangan pikeun dirina. Éta kasenangan dipilampah sabab aya kabutuhan dasar dirina salaku manusa teu kacumponan. Aya parobahan kapribadian dina diri Néng Éha, ditandaan dina bagian ahir Néng Éha babalik pikir. Aspék kapribadian anu kapaluruh dina diri Mahmud nyaéta aspék *id* jeung *ego*. Aspék kapribadian Dén Kalipah anu kapaluruh nyaéta *id*, *ego*, jeung *superego*. Aspék kapribadian Nyi Piah nyaéta *ego* jeung *superego*. Aspék kapribadian Juragan Mantri anu kapaluruh nyaéta aspék *id* jeung *ego*. Aspék kapribadian Dén Kosim nyaéta aspék *id*, *ego*, jeung *superego*. Tina hasil panalungtikan palaku nu miboga tilu struktur aspék kapribadian nyaéta Néng Éha, Dén Kalipah, jeung Dén Kosim.

Dumasar kana hasil analisis kritik kapribadian palaku tina sudut pandang psikologi ieu novel *Lain Éta* leuwih loba ngagambarkeun dorongan-dorongan naluri, milampah prinsip kasenangan diri. Parobahan kapribadian anu dialaman ku palaku dina ieu novel teu nyugemakeun, sabab ditandaan ku parobahan kapribadian anu goréng, sok sanajan dina ahir carita palaku babalik pikir kana jalan anu bener.

Jadi ieu novel diwangun ku struktur carita anu gembleng, caritana ngagambarkeun kana réalita kahirupan masarakat Sunda alam harita.

Ngagambarkeun kapribadian ménak-ménak anu kakungkung ku aturan-aturan. Bisa dicindekeun yén dina hakikatna kapribadian jalma sarua. Kapribadian jalma barobah sabab dipangaruhan ku alam sabudeureunna.

## 5.2 Rékoméndasi

Sabada ngalaksanakeun ieu panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu perlu ditepikeun dina ieu panalungtikan. Rékoméndasi pikeun:

- 1) Masarakat Akademik atawa nu Maca

Dipiharep bisa ngeuyeuban sumber-sumber paélmuan nu bisa méré mangpaat leuwih pikeun kamajuan élmu pangaweruh hususna dina karya sastra Sunda. Geus kuduna masarakat akademik melék wacana utamana kana karya sastra, kaasup dina méré ajén leuwih minangka prosés kritik sastra atawa atawa prosés aprésiasi sastra.

- 2) Lembaga Paélmuan

Lembaga paélmuan dipiharep jadi wadah anu bisa ngahudangkeun karep sarta hojah kalangan akademik dina maluruh, ngaji, jeung nalungtik élmu sarta karya sastra.

- 3) Panalungtik Saterusna

Panalungtikan ngeunaan psikologi sastra utamana psikoanalisis geus loba, tapi anu dianalisis lolobana kana hasil karya pangarang. Pikeun panalungtikan kahareupna coba patalikeun analisis kapribadian palaku anu aya dina novel nu digambarkeun ku pangarang jeung kapribadian pangarangna. Naha pangarang bisa ngagambarkeun kapribadian saperti anu dipilampah ku palaku dina eusi novel, naha aya kaitanna kapribadian palaku dina novel jeung kasang tukang kahirupan pangarang atawa kapribadian pangarangna. Lian ti kapribadian pangarang, kumaha réaksi pamaca kana kapribadian palaku dina eusi novel anu ditalungtik.